

BAB III

MÉTODE JEUNG TÉHNIK PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Méthode anu dipaké dina panalungtikan ieu nya éta méthode déskriptif. Numutkeun Moh. Nazir, Ph.d (1983:54) netelakeun yen:

Méthode Deskriptif adalah suatu méthode dalam meneliti status sekelompok manusia, suatu objek, suatu set kondisi, suatu sistem pemikiran ataupun suatu kelas peristiwa pada masa sekarang. Tujuan dari penelitian deskriptif ini adalah untuk membuat deskripsi, gambaran atau lukisan secara sistematis, faktual dan akurat mengenai fakta-fakta, sifat-sifat serta hubungan antar fenomena yang diselidiki.

Saluyu jeung tujuan méthode déskriptif di luhur, tujuan anu hayang dihontal ku panalungtik dina panalungtikan ieu nya éta pikeun ngadéskripsikeun, ngagambarkeun dongéng anu kakumpulkeun di wewengkon Kecamatan Cicalongwétan Kabupatén Bandung Barat. Anu satuluyna dipaluruh struktur dongéngna, ditataan maksud tina carita dongéng sarta diaplikasikeun pikeun bahan pangajaran maca dongéng basa Sunda di SMP.

3.2 Tehnik Panalungtikan

3.2.1 Tehnik Ngumpulkeun Data

Tehnik anu dipaké ku panyusun pikeun ngumpulkeun data téh nya éta teknik studi pustaka, observasi, wawancara, jeung dokuméntasi.

3.2.1.1 Téhnik Studi Pustaka

Téhnik studi pustaka digunakeun pikeun néangan bahan-bahan (biasana mangrupa buku sumber) anu dijadikeun dadasar téori anu aya patalina jeung masalah anu ditalungtik.

3.2.1.2 Téhnik Observasi

Téhnik observasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data anu lengkep jeung akurat. Anu jadi léngkah mimiti dina ieu téhnik téh nya éta panalungtik ngalakukeun observasi saheulaanan, hal ieu dipigawé, sangkan palungtik mikawanoh heula daérah anu rék ditalungtik saméméh bener-bener ancub pikeun panalungtikan.

3.2.1.3 Téhnik Wawancara

Téhnik wawancara nya éta téhnik anu dipaké pikeun meunangkeun data panalungtikan, ku cara komunikasi langsung jeung masarakat anu salaku inporman.

3.2.1.4 Téhnik Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun data-data anu ngandung inpormasi ngeunaan objek nu ditalungtik. Anu didokuméntasikeunana nya éta foto inporman, rekaman hasil wawancara, jeung hal-hal atawa barang anu ngarojong kana panalungtikan. Anu sakaligus pikeun bukti oténtik yén panalungtikan téh bener-bener dilaksanakeun.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat anu ngarojong kana panalungtikan. Panalungtik dina panalungtikan ieu ngagunakeun instrumen tinulis jeung

ngadokumentasikeun hal-hal anu patali jeung kabutuhan panalungtikan anu bisa ngarojong kana panalungtikan.

Instrumén anu digunakeun dina panalungtikan ieu nya éta:

1) Padoman Wawancara

Padoman wawancara digunakeun pikeun imeunangkeun informasi ngeunaan carita rayat (dongéng) anu aya di wewengkon Kecamatan Cikalongwetan, Kabupatén Bandung Barat. Dina wawancarana, aya sababaraha daftar patalékan pikeun meunangkeun data dina carita rayat, nya éta:

TABEL 3.1 DAFTAR PATALÉKAN

Daftar patalékan terstruktur pikeun wawancara jeung narasumber.

1. Jenengan Bapa/Ibu saha?
2. Alamat Bapa/Ibu di mana?
3. Yuswa Bapa/Ibu sabaraha taun?
4. Pakasaban Bapa/Ibu kana naon?
5. Bapa/Ibu asli urang wewengkon dieu?
6. Manawi Bapa/Ibu kagungan atawa uninga kana dongéng anu aya di dieu?
7. Kapungkurna, naon pungsi dongéng éta téh?

2) Alat/Média Pangumpul Data Panalungtikan

Alat atawa media anu digunakeun panalungtikan nya éta alat anu digunakeun pikeun ngarékam, bukti oténtik jeung ngabantu ka panalungtik dina ngaréngsékeun panalungtikan ieu. Alat atawa media anu dipaké dina panalungtikan ieu nya éta:

- 1) kaméra digital pikeun ngarekam dongéng anu dicaritakeun ku narasumber jeung ngadokumentasikeun hal-hal anu ngarojong kana panalungtikan;
- 2) buku tulis pikeun nyatét naon-naon anu penting pikeun panalungtikan.

3.4 Data jeung Sumber Data

3.4.1 Data

Anu dijadikeun data dina panalungtikan ieu, nya éta carita rayat atawa dongéng anu aya di kacamatan Cikalongwétan, kabupatén Bandung Barat, sajumlah 19 dongéng. Dongéng anu dikumpulkeun teu diwatesanan ku wanda-wanda dongéng, wanda dongéng naon waé bisa jadi data panalungtikan ieu. Dianalis struktur intrinsikna. Dipaluruh ajén-ajén anu aya dina dongéngna.

Ku lantaran aya sababaraha tinimbang, kayaning, samporétna waktu, sabagéan désa-désa anu aya di Kacamatan Cikalongwétan mangrupikeun désa pamekaran wilayah, waragad panalungtik, jeung geus tilar dunyana sesepuh anu aya di désa éta, tina tilu belas désa anu aya di Kacamatan Cikalongwétan Kabupatén Bandung Barat, ngan aya sababaraha désa anu dijadikeun daérah panalungtikan, nya éta désa: 1) Ganjarsari; 2) Wangunjaya; 3) Cisomang Barat; 4) Ciptagumati; 5) Mandalamukti; 6) Cikalong; 7) Mekarjaya; jeung 8) Kananga Sari.

3.4.2 Sumber Data

Anu jadi sumber data dina panalungtikan, diantarana:

- 1) anu dikolotkeun diunggal wewengkon;
- 2) tokoh masarakat;
- 3) inohong di éta wewengkon; jeung
- 4) aparat desa.

Anu jadi informan kudu nyumponan sababaraha katangtuan saperti di handap ieu:

- 1) umur minimal 40 taun;
- 2) bener-bener pituin urang wewengkon asli daérah éta;
- 3) miboga pakasaban anu matuh;
- 4) omongan béntés jeung teu kurang dédéngéan;
- 5) masih keneh jagjag jasmani jeung rohani; jeung
- 6) apal kana carita rayat atawa dongéng anu aya di daérah éta.

TABÉL 3.2 DATA INFORMAN JEUNG DONGÉNG ANU KAKUMPUL

No	Wasta Inporman	Yuswa	Pakasaban	Alamat	Dongéng
1	2	3	4	5	6
1.	Bapa Kusnadi	42	Kuncén Cikahuripan	Kp. Panghéotan, RT 02, RW 07,Desa Ganjarsari.	• Sasakala Cikahuripan.
2.	Bapa H. Entjep Abdul Manan	74	Pensiunan PNS	Kp. Kadu Dampit RT.03	• Embah Ngabeuhi, • Sasakala Tenjo Laya

1	2	3	4	5	6
				RW.02, Desa Cisomang Barat, no. 13	<ul style="list-style-type: none"> • Sasakala Kampung Karajan • Sasakala Kampung Bajigjag
3.	Bapa Ita	72	Pensiunaan Jupen (Juru Penerang)	Kp. Warungjati, RT.02 RW.10, Desa Ciptagumati.	<ul style="list-style-type: none"> • Sasakala Cikalongwétan, • Sasakala Ciptagumati, • Sasakala Kampung Cihanjuang, • Sasakala Rajamandala wétan. • Sasakala Kanangasari • Sasakala Kampung Parakan Ménak
4.	Bapa Tata Sar'in	71	Patani	Kp. Bojongséro, RT. 01 RW.05, Désa Ganjarsari.	<ul style="list-style-type: none"> • Ki Mandor, • Sasakala Cadu Hajeli Héring
5.	Bapa Imir	62	Aparat Désa	Kp. Bojongséro, RT. 01 RW. 05, Désa Ganjarsari.	<ul style="list-style-type: none"> • Sasakala Manuk Beureum
6.	Ema Ayum	73	Tani	Kp. Cireundeu, RT. 03 RW.07, Désa Ganjarsari	<ul style="list-style-type: none"> • Sasakala Kampung Kadu Pugur • Sasakala Kampung Pojok

1	2	3	4	5	6
7.	Bapa Oyib	83	Tokoh masarakat	Kp. Tangkil, RT.02 RW. 05, Désa Mekarjaya	<ul style="list-style-type: none"> • Bah Beuneur • Falsapah Kampung Tangkil • Pangalaman téh Mustikana Élmü

3.4.3 Gambaran Umum Kacamatan Cikalongwétan Kabupatén Bandung Barat

Cikalongwétan nya éta salah sahiji ngaran kacamatan anu aya di Kabupatén Bandung Barat. Lega wilayahna nya éta 11.276, 852 Ha, nu ngawengku 13 désa, 193 RW, jeung 705 RT.

TABEL 3.3 KAAYAAN DÉSA JEUNG LEGANA WILAYAH

NO	DÉSA	LUAS WILAYAH
1	Cikalong	683.625 Ha
2	Mandalamukti	656.633 Ha
3	Cipada	1.407.417 Ha
4	Wangunjaya	401.397 Ha
5	Rende	689.095 Ha
6	Puteran	1.210.319 Ha
7	Ganjarsari	801.970 Ha
8	Ciptagumati	206.672 Ha
9	Tenjolaut	1.100.500 Ha
10	Cisomangbarat	422.884 Ha
11	Mandalasari	1.022.750 Ha
12	Mekarjaya	855.148 Ha
13	Kanangasari	1.818.442 Ha
J u m l a h		11.276,852 Ha

Data nu paling ahir, per 30 juni, jumlah penduduk nu aya di Kacamatan Cikalongwétan, nya éta 109.483 jiwa , lalaki: 55. 112 jiwa, awéwé: 54.371 jiwa.

Agama mayoritas anu diagem ku masarakat Kacamatan Cikalongwétan nya éta agama Islam. Sanajan kitu, masarakat Cikalongwétan, masih loba kénéh anu ngalaksanakeun ritual anu sifatna kapercayaan, salah sahijina nya éta kagiatan ngabungbang ka Talaga Cikahuripan. Masarakatna ogé masih kénéh percaya kana tradisi karuhunna.

TABEL 3.4 DATA MASARAKAT NURUTKEUN AGAMA

No	Jenis Agama	Jumlah Jiwa
1	2	3
1	Agama Islam	106.505
2	Agama Protestan	126
3	Agama Hindu	2
4	Aliran Kepercayaan	12

Tingkat pendidikan masarakat di Kacamatan Cikalongwétan, mayoritas ngan nepi ka SD, tapi aya ogé anu masarakat lulusan paguron luhur, sanajan teu loba. Jumlah bangunan sakola anu aya di Kacamatan Cikalongwétan kawilang kurang, sabab sakitu legana daérah Kacamatan Cikalongwétan jumlah sakola SD, SMP, jeung SMAna teu saimbang jeung jumlah masarakatna, saperti conto numutkeun data sakola SMA ogé ngan aya 6, diantaranya anu 2 statusna negeri, anu 4 statusna swasta.

TABEL 3.5 DATA SARANA DAN PRASARANA PENDIDIKAN

NO	TK. SEKOLAH	JUMLAH SEKOLAH		JUMLAH GURU		JML MURID
		NEGERI	SWASTA	PNS	HONORER	
1	SD	112	-	452	98	11.495
2	SLTP	3	5	179	91	3.106
3	SLTA	2	4	48	51	1.260

Pakasaban masarakat Kacamatan Cikalongwétan, lolobana kana tani jeung ngebon. Salian ti éta, aya ogé anu jadi PNS, pagawé perkebunan, polisi, ternak, jrrd.

TABEL 3.6 DATA PENDUDUK NUMUTKEUN PAKASBAN

No	Mata Pencaharian	Jumlah	
1.	Petani	15.960	Orang
2.	Nelayan	-	Orang
3.	Pengusaha sedang/besar	16	Orang
4.	Pengrajin/industri kecil	43	Orang
5.	Buruh industry	925	Orang
6.	Buruh bangunan	3265	Orang
7.	Buruh pertambangan	-	Orang
8.	Buruh perkebunan	1952	Orang
9.	Pedagang	7854	Orang
10.	Pengangkutan	264	Orang
11.	PNS	1024	Orang
12.	ABRI	95	Orang
13.	Pensiunan (pegneg/abri /polri)	1251	Orang
14.	Peternak Sapi Perah	52 orang	89 ekor
15.	Peternak Sapi biasa	15 orang	32 ekor
16.	Peternak Kerbau	141 orang	196 ekor
17.	Peternak Kambing	875 orang	10.186 ekor
18.	Peternak Domba	1.265 orang	13.965 ekor
19.	Peternak Kuda	6 orang	15 ekor
20.	Peternak Babi	-	-
21.	Peternak Ayam	56 orang	90.000 ekor
22.	Peternak Itik	26 orang	2.789 ekor
23.	Peternak Lain-lain	96 orang	676 ekor

3.5 Téhnik Ngolah jeung Nganalisis Data

Téhnik ngolah jeung nganalisis data dina ieu panalungtikan, saperti di handap:

- 1) ngumpulkeun informasi studi pustaka, observasi, wawancara jeung dokumentasi;
- 2) data anu mangrupa rékaman ditranskripkeun kana wangun tulisan jadi naskah anu jadi bahan panalungtikan;
- 3) ngadeskripsikeun carita rayat atawa dongéng anu kakumpul;
- 4) nganalisis struktur intrinsik naskah carita rayat atawa dongéng jeung masing-masingkeun carita rayat atawa dongéng éta kana wanda carita dongéng.

3.5 Léngkah-Léngkah Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan, panalungtik ngabagi opat tahapan anu dijadikeun tatapakan pikeun proses panalungtikan, nya éta léngkah tatahar, ngumpulkeun data, ngolah data, jeung nyusun laporan panalungtikan.

3.5.1 Léngkah Tatahar

Léngkah munggaran dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) ngumpukeun sumber bahan kajian;
- 2) ulikan pustaka;
- 3) nangtukeun judul panalungtikan;
- 4) konsultasi jeung dosen pangaping;
- 5) nguruskeun surat-surat perijinan.

3.5.2 Léngkah Ngumpulkeun Data

Lengkah anu ka dua nya éta ngumpulkeun data, ditataan saperti di handap:

- 1) néangan informasi nara sumber anu apal kana carita rayat atawa dongéng ku cara néangan data kependudukan ka kantor Kacamatan;
- 2) datang ka kantor desa pikeun néangan informasi inohong atawa kokolot desa satempat;
- 3) néangan informasi ngeunaan carita rayat atawa dongéng ku cara ngadatangan nara sumber.

3.5.3 Léngkah Ngolah Data

Data anu geus ka kumpulkeun dumasar kana téhnik ngolah data, nya éta:

- 1) mariksa, ngulik, jeung niténan data anu ka kumpul;
- 2) ngadeskripsikeun, nganalisis, jeung ngelompokeun carita rayat atawa dongéng anu ka kumpul dumasar kana wanda caritana;
- 3) nyieun kacindekan tina data anu geus diolah.

3.5.4 Léngkah Nyusun Laporan

Léngkah pamungkas nya éta nyusun laporan tina data hasil panalungtikan anu geus diolah. Laporanana mangrupa wangun skripsi. Skripsi anu disusun dumasar kana katangtuan panulisan karya ilmiah jeung apingan ti dosén-dosén pangaping.